EUMM

Цæстдарæг

Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы периодон рауагъд • Рауагъд #8 • Август 2019

# Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къорд – бастдзинад сфидар кæнын конфликтæй зианбаййафæг темтимæ (ассоциацитимæ)



## Афæлгæст

Адæймаджы æдасдзинады æмæ адæймаджы барты популяризаци тынг нысаниуæгджын у Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы (EUMM) куыстæн æмæ Тбилисы мидæг Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы раздзог офисæн æмæ регионалон офистæн – Мцхетæйы, Гуры æмæ Зугдиды, уыцы æмкусджытæн стыр æххуыс у, кæцытæ сæ цæст дарынц нысангонд фарстытæм æмæ цæттæ кæнынц хатдзæгтæ.

Регионалон офистæн ис специализирон адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къордтæ – кæцыты сконды ис 5-7 цæстдарæг, кæцытæ сæ цæст дарынц конфликтæй зианбаййафæг цæрджыты царды уавæртæм сæхи конкретон операциты ареалы мидæг. Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы раздзог офисы экспертæ аразынц нысангонд куыстыты тыххæй координаци æмæ сæ ифтонг кæнынц æмбæлон анализ æмæ консултацитæй.

Уæдæй фæстæмæ Миссийы фыццаг хатт куы рарвыстой Гуырдзыстонмæ, приоритетон уыдис лигъдæтты æмæ конфликтæй зианбаййафæг бынæттон цæрджыты хъæугæдзинæдты æмæ æрвылбонон проблемæты сбæлвырд кæнын. «Нормализаци», - кæцы нысан кæны конфликтæй зианбаййафæг гоймæгтæн ахæм цæрæн уавæртæ сног кæнын кæцы сын уыди хæсты агъоммæ – ай у Евроцæдисы – уæнг бæстæты ‘рдыгæй сфидаргонд Миссийы мандаты цыппар бындурæй сæ иу 2008 азы фыццæгæм октябрæй, фыццаг Цæстдарæг куы æрцыди Гуырдзыстонмæ, кæцы зайы йæ куысты æнæбайсгæ хайæ, фæлæ, кæй зæгъын æй хъæуы абон нормалон царды сæндидзын кæныны фæндагыл уæвæг цæлхдууртæ хицæн кæнынц уымæй дæр, æмæ 2008 азы хæсты фæуды фæстæ иуæй-иу регионы проблемæтæ реалонæй кæй фæфылдæр ис. Мисси нысан кæны ацы проблемæты æмæ пайда кæны йæ къухы бын уæвæг механизмтæй проблемæты æрбиноныг æмæ фæрогдæр кæнынæн. Се ‘хсæны, бахъæугæ цауы, æндæр æхсæнадæмон организацитимæ æмæ потенцион донортимæ информацийы баивды амалæй.

«Цæстдарæг»-ы ацы номыры æвдыст ис афæлгæст Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы архайды фæдыл адæймаджы æдасдзинады къабазы (сферойы).

## Цы у адæймаджы æдасдзинад?

Традиционæй, «Адæймаджы æдасдзинад» æркастгонд цыд, куыд темты (ассоциациты) физикон хъахъхъæддзинад. Хæрз чысыл раздæр йе ‘мбарынад уæрæхгонд æрцыд, кæцымæ хауы адæймаджы бартыл ориентацигонд ахаст. Абон стыр хъусдард здæхт цæуы индивидмæ æрмæст йæ физикон хъахъхъæддзинад нæ, фæлæ ма йæ ахæм тæссагдзинадæй бахъахъхъæнын, цахæм у гæвзыккдзинад, низ æмæ æххормагдзинад. Адæймаджы æдасдзинад, Миссийы цæстæнгасмæ гæсгæ, куы ранымайæм æрмæстдæр иу хай уæд нысан кæны: экономикон æдасдзинады, æнæниздзинады æдасдзинады, экологион æдасдзинады, æхсæнады æдасдзинады æмæ æнд.

## Куыд кусы Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл

Раздæр ма куыд фæнысан кодтам, уымæ гæсгæ, Миссийы мандаты сæйраг компоненту – «Нормализаци».

Нормализацимæ хауы адæймаджы æдасдзинад æнæхъæнæй, кæцымæ хауы ахæм фарстытæ, цахæм у, - дыуувæрдæм цæуын сæрибарæй, зæххыты бакусын æмæ хисæрмагонд документты исады барад. Аме Мисси йæ хъус дары лæмбынæгæй, анализ аразы уавæрæн æмæ цæттæ кæны хыгъдлæвæрдтæ адæймаджы æдасдзинады тыххæй æмæ рахицæн кæндзæн адæймаджы æдасдзинады къордты, кæцытæ сæ хъус дардзысты мингай адæймæгты цардыуавæртæм, кæцыты бартæ æмæ уавæртæ нырма ноджы хæлд цæуынц. Миссийы цæстдарджытæ аргъ кæнынц уыдоны дыуувæрдæм цæуыны сæрибардзинадæн, хисæрмагонд-дзинады барты хъахъхъæдæн, медицинон объекттæн, ахуырадæн, хъæууон-хæдзарадон зæххытæн æмæ донæн, рæсттæрхонæн, базартæн æмæ администрацион арæнты иннæ фарс базар кæныны æнцонвадатдзинадæн. Адон сты сæйраг æнæмæнг-хъæугæ сæрибардзинæдтæ, кæцытæ сæ ахадындзинад æвдисынц экономикон гæнæндзинæдтыл дæр. Цæрæн уавæрты тыххæй информацийы æрæмбырд кæныны нысанæй, Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы цæстдарджытæ æрвылбон дæр æмбæлынц бынæттон цæрæг официалон гоймæгтимæ, афтæ-ма æхсæнадæмон æмæ æмбæстагон æхсæнады организацитимæ æмæ эксперттимæ. Фембæлдтæ арæх уагъд цæуы Абхазийы æмæ Хуссар Ирыстоны администрацион арæнты хæххытæм æввахс. Мисси ма ноджыдæр фембæлы æмæ фæныхас кæны лигъдон гоймæгтимæ Гуырдзыстоны хицауады ‘рдыгæй контролгæнгæ территорийыл,



кæцытæн сæ фылдæр хай (45%) коллективон центрты цæры, æмæ кæцытæ не сты цæрынæн æмбæлгæ.

Миссийы специалон адæймæгты æдасдзинады къордты æмбæлгæ персоналæн, куыд æгъдаумæ гæсгæ, ис уæрæх экспертиза æмæ прфессионалон фæлтæрддзинад адæйма-джы барты æмæ æдасдзинады хъахъхъæныны. Миссийы раздзог офис Тбилисы координаци кæны алы регионалон офисæн, кæцыйы нысан у Гуырдзыстоны æнæхъæн территорийыл аххæссын, æмæ сын дæтты уынаффæтæ Миссийы адæймаджы барты æмæ гендеры фарстæтыл уынаффæгæнджыты æххуысæй. Адæймаджы æдасдзинады расидæнты (проблемæты) æдзухон ивгæ ахастмæ гæсгæ, Миссийы раздзог офис регуляронæй ног кæны (фарст æвæры) Брюсселы Евроцæдисы институттимæ координаци кæнгæйæ, цæмæй аккаг информаци бадæттой уынаффæ исæг гоймæгтæн бынæттон æмæ Евроцæдисы æмвæзадыл.

Адæймаджы æдасдзинады къордтæ регуляронæй æмбæлынц институттимæ æмæ агентадтимæ, кæцытæ дзуаппдæттæг сты адæймаджы æдасдзинады тыххæй аккаг политикæ бакусыныл æмæ сæххæст кæныныл. 2009 азæй Мисси организоват кæны регулярон «Информацийы баивыны фембæлдтытæ» (ISM) Гуырдзыстоны æмбæстагон æхсæнады организаци кæнынæн, куыд Зугдиды, афтæ Тбилисы. Ацы фембæлдтытæ бынæттон цæрджытæн дæтты платформæйы уæвæг ситуацийы фæдыл сæ цæстæнгасты æмæ информацийы баивынæн æмæ дæтты Миссийæн гæнæндзинад, сæххæст кæна æмбæстагон æхсæнады минæвæрттыл информирк æнынад конфликтимæ баст фарстæты тыххæй. Информацийы баивыны фембæлдтытæ Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæг Миссийы иу кæны æнæхицауадон организацитимæ æмæ сын стыр ахъаз кæны Миссийæн фæарфдæр кæна зонынад бынатыл уæвæг адæймаджы æдасдзинады фарстæты æмæ æмбæстагон æхсæнады инициативтæм уый фæстæ æркæсынæн.

Миссийы адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусыны сæйраг бындур раст сæхæдæг къордтæ сты. Миссийы цæстдарджытæ сты Евроцæдисы 26-уæнг бæстæйæ, уыдонмæ ис алыварсон цард¬уагон фæлтæрддзинад æмæ спецификон зонынад æмæ интерестæ гендеры, æмбарады, æхсæнадон фæткæвæрды æмæ адæймаджы барты фарстæты. Баныcангонд алыварсон фæлтæрддзинад ахъаз у адæймаджы æдасдзинады къордтæн куысты æмæ специализацийы мидæг.





# Иу бон Гуры

## адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къорды цæстдарæджы цардæй …



*Херард дэ Бури, Нидерландтæ, Адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къорды цæстдарæг – Гуры регионалон офис*

***Цæмæн у уæ куыст нысаниуæгджын?***

Мах ахсджиаг роль æххæст кæнæм æргом конфликты ногæй райдайын сæрæй аиуварс кæнынæн æмæ конфликты дыууæ фарсæрдыгæй адæймæгтæн ныхас кæныны гæнæндзинад раттыны. Нæ мониторингы куысты фæрцы, мах тырнæм нормалон цард ‘рыздахæм уыцы адæймæгтæн, кæцыты цард алкæмæй фылдæр зианбайййæфта, уæлдайдæр та уыдонæн, кæцытæ административон арæнон хаххмæ ‘ввахс хъæуты цæрынц. Æз стыр нысаниуæг дæттын ацы куыстæн æмæ сæрыстыр дæн, уымæй,æз дæр дзы хайад кæй исын.

***Адæймаджы æдасдзинады тыххæй цы хæслæвæрдтæ сæххæст кæндзыстут абон æмæ куыд бады ацы куысдзинад адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къорды иумæйаг планы?***

Абон нын Гуры ис социалон лæггæдты агентадимæ интервью, цæмæй равзарæм æмæ райсæм исты снoггонд кæнæ ног аккаг информаци агентады куысты фæдыл æмæ ма цахæмфæнды æнæаргъæвгæ фарстæйы тыххæй дкæр. Уый фæстæ мах ацæудзыстæм Плауы æмæ Квешы хъæутæм, цæмæй бынæттон цæрджытимæ фембæлæм æмкæ скæ райсæм ног информаци нуазыны доны, ирригацион системæты æмæ хъæуун-хæдзарады зæххыты бакусыты æнцонвадатдзинады тыххæй, афтæ ма ноджы æдасдзинадимæ баст цахæмфæнды фарстæйы тыххæй. Ай стыр нысаниуæгджын у, уымæн æмæ, куыд Мисси, мах хъуамæ фенæм æмæ байхъусæм нæхæдæг, куыд кусы æнæрбæстонгонд конфликт бынæттон цæрджыты сæйрагдæр хъæугæдзинæдты æнцонвадатдзинадыл, цæмæй сын базонгæ кæнæм информаци уынаффæйы исæг гоймæгты тыххæй Евроцæдисы æмæ бацагурæм проблемæйы алыг кæныны гæнæнуæвæг амæлтты администативон арæнон хаххы дыууæ фарсæрдыгæй уынаффæ исæг гоймæгтимæ иумæ.

***Чи уын баххуыс кæндзæн абон?***

Мæнæн абон баххуыс кæндзæн мæ коллегæ Адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къордæй, Карин Эклунди Швецийæ æмæ тæлмацгæнæг Нино Гуырдзыстонæй.

***Цас рæстæг бахъæудзæн патрулир кæнынæн?***

Патрулир кæнын планголд цæуы фондз сахатæй, æхсæз сахатмæ, фæлæ фæлтæрддзинадмæ гæсгæ, адæймæгтимæ ныхас кæныны рæстæг адаргъ вæййы æмæ уæд патрулиркæнынад дæр фылдæр рæстæг ахæсдзæнис.



# Адæймаджы бартæ Миссийы æмæ Евроцæдисы архæйдтыты бындурæн



Адæймаджы барты æмæ сæйраг сæрибардзинæдтырдæм лæггад кæнын Евроцæдисы централон æргъæд у æмæ йæ архæйдтытæн æнæмæнгхъæугæ у, се 'хсæн æхсæнадæмон партнертимæ кусынæн дæр. Евроцæдисы алы Мисси дæр хæсджын у сæххæст кæна йæ куыст адæймаджы барты сæйраг принциптæм гæсгæйæ. Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси уый æххæст кæны адæймаджы барты фарстæты тыххæй информацийы æмбырд кæнынæй, сбæлвырд кæнынæй æмæ анализ кæнынæй æмæ Евроцæдисы уæнг паддзахадты регуляронæй зонгæ кæны адæймаджы барты халыны тыххæй. Мисси пайда кæны хорз цæстдарæг коммуникацион механизмты – инциденты превенцийы æмæ сыл реагир кæныны механизмы фембæлдтытæ , афтæ ма ноджы Миссийы рдыгæй опериронæй тæвд хаххы – конфликты фæрстимæ адæймаджы барты æмæ æхсæнадæмон гуманитарон тæрхоны расидæнтыл уынаффæйæн.

Миссийы алы цæстдарæгæртæ къорды дæр (адæймаджы æдасдзинадæн, аккагдзинад æмæ административон арæнон хаххы фарстæтыл) хæсджын у адæймаджы барты фарстæты тыххæй идентифицир кæнын æмæ хыгъдлæвæрд дæттын. Аимæ иумæ, Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къордтæ сæйраг роль æххæст кæнынц биноныг мониторинг æмæ ахæм фарстæты тыххæй хыгъдлæвæрд аразын. Тбилисы архайæг адæймаджы барты фарстæтыл уынаффæгæнæг анализ аразы бынатыл райсгæ информацийæн адæймаджы барты æхсæнадæмон барады, æхсæнадæмон гуманитарон барады æмæ æхсæнадæмон стандарттæм гæсгæйæ. Уымæй дарддæр ма 2008 азы хæсты фæстиуджыты æхсæнадæмон бадзырдтимæ, æрвылбонон æхсæнадæмон барадимæ æхсæнадæмон барады æндæр иумæйаг принциптæм гæсгæ уæвыны аргъдзинады. Адæймаджы барты уынаффæгæнæг ма афтæ дæр бæрæг кæны лæмбынæг исбоны барты æмæ сæ хъахъæнынады. Амæ хауы Гуырдзыстоны культурон æмæ религион цырддзæвæнтæ, этникон къаддæр хæйттимæ æмахастытæ, конфликттимæ баст æхсæнадæмон тугтæрхоны (уголовон) хъуыддæгтæ, фыдзæрдæйы взаг кæнæ фыдзæрдæдзинады бындурыл саразгæ фыдракæнды цаутæ, миграцийы фарстæтимæ баст хъæугæ документаци, ахизыны режим кæнæ лигъдон гоймæгтæ, æрцахсты цаутæ æмæ æрцахсты уавæртæ.

*«Æхсызгон мын у уый уынын, куыд зæрдиагæй архайынц мæ коллегæтæ регионалон офисты адæймаджы барты популяризаци кæныны фарсхæцынæн. Уыдон организаци аразынц баивды фембæлдтытæн бынæттон цымыдисгæнæг фæрстимæ, æнæхицауадон организацитимæ æмæ паддзахадон гæстимæ. Уыдон æмбырд кæнынц информацийы æфхæрд къордты æмæ адæймаджы барты фехæлды тыххæй. Информацийы æрæмбырд кæнынæн æмæ басгарынæн дзæвгар рæстæг хъæуы, зæгъæм, дыууæрдæм цæуыны сæрибардзинады кæнæ мадæлон æвзагыл ахуырад райсыны бары тыххæй, фæлæ уыдон уæддæр сæ ныфс нæ сæттынц цалынмæ реалон дзуапп не ссарынц», - Радка Рубилина, Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы адæймаджы барты фарстæты уынаффæгæнæг.*

Гуырдзыстоны адæймаджы барты уавæрты тыххæй информацийы æвæстиатæй ифтонг кæнынæн, Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси сарæзта специализацигонд æмгуыстдзинады хызæг (ксел), кæцы бауу кæндзæн регионалон офистимæ æмæ Миссийы раздзог офисы кæрæдзиимæ. Ацы хыз (ксел) регуляронæй арæзы фембæлдтытæ бæстæйы адæймаджы барты фарстæты фæдыл æппæты ногдæр цауты, фæзындты æмæ тенденцитæм æркæсынæн. Ацы фембæлдтытæ æмæ информацийы регулярон баивд хуыздæр кæны куыд Миссийы мониторинг, афтæ адæймаджы барты сферойы фæзындты анализ бынатыл, гæнæндзинад ын дæтты хуыздæр бадæтта информаци Евроцæдисы уæнг паддзахадтæн æмæ æхсæнадæмон партниортæн.





# Иу бон Зугдиды адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къорды цæстдарæджы цардæй..



*Надежда Друмева, Болгари, Адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къорды цæстдарæг–Зугдиды регионалон офис*

***Цæмæн у уæ куыст нысаниуæгджын?***

Æз нымайын мæ куысты иттæг ахсджиагыл, уый тыххæй æмæ адæймагимæ, кæцыимæ мæ куысты рæстæджы æмбæлын – уæлдайдæр та лигъдон гоймæгтимæ, кæцытæ уæззау царды уавæрты сты. Адæмимæ ныхасгæнгæйæ хуыздæр бамбарæн ис уыцы расидæнты тыххæй, се 'хсæн ахæм фарстæты фæдыл, цахæм у дыууæрдæм цæуыны сæрибардзинад Абхазиимæ административон арæнон хаххыл, адæймаджы барты халыны цауы æмæ социалон æдасдзинады æмæ социалон æххуысы æнцонвадатдзинад. Ацы фарстæты мониторинг уæлдай нысаниуæгджын у, уый тыххæй æмæ Миссийæн æххуыс кæны сахуыр кæна, цæййас зиан райстой адæймæгтæ æмæ цæмæй иуæй-иу хатт райсой потенциалон хатдзæгтæ, кæцыты равзарын гæнæн ис тæвд хаххы кæнæ инциденты превенцийы æмæ сыл реагиргæнæны механизмы æххуысæй. Мæнæн ацы куысты æппæтæй сæрыстырдæр хай бынæттон цæрджытимæ æмахастытæ сты, уымæн æмæ гуырдзиæгтæ болгайрæгты хуызæн сты. Уыдон хæларзæрдæ, æргомзæрдæ, хъарм, хорз æмæ уазæгуарзон адæм сты. Ахæм æнкъарынад мын ис, цыма мæхи хæдзары дæн.

***Адæймаджы æдасдзинадимæ баст цы хæслæвæрдтæ сæххæст кæндзыстут абон æмæ куыд бады ацы куыстдзинад адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къорды иумæйаг планы?***

Абон махæн ис специалон хæслæвæрд – æрæмбырд кæнæм информаци тыллæг æрзады тыххæй, кæцы фæстаг цалдæр азы дæргъы бирæ адæймагæн проблемон сси инвазивон зианхæсджытæм гæсгæ. Афтæ ма мах ныхас кæнæм бынæттон æнæхицауадон организацитимæ, кæцытæ кусынц гендерон нысанæй тыхмидзинады фарстæйыл уыцы хъасты бахасты æмæ йæ хъахъхъæды механизмты фæдыл, кæцытæ уыдонæн ис бынæттон темты, афтæ ма ноджы ацы механизмтыл сылгоймæгты райсты фæдыл. Æрвылазон тыллæгыл зианхæсджыты цæугæ ахадындзинады мониторинг нысаниуæгджын хæслæвæрд у, уымæн æмæ ай у экономикон æдасдзинады барæн уыцы адæмæн, кæцыты бинонтæы æфтиаг, зæгъæн ис æмæ æнæхъæнæй баст у хъæууон хæдзарадимæ. Гендерон нысанæй тыхмидзинад уæрæхæй у нымадмæ ист, куыд конфликты барометр – тыхмидзинады рæзт бинонты хсæн историонæй уæрæх æхсæнады конфликты раздзæуæг уыд. Уымæй дарддæр ма, сылгоймæгты, нæлгоймæгты, лæппуты æмæ чызджыты хиæдасдзинад адæймаджы сæйрагдæр бар у æмæ адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къорды махæн нæ куыст раст амæн аргъ кæнын у.

***Чи уын баххуыс кæндзæн абон æмæ кæцы сферойы сæххæст кæндзыстут уæ хæслæвæрды?***

Мæ æхсæнадæмон коллегæтæ мын баххуыс кæндзысты аныхас кæнынæн адæймæгтимæ, цæмæй информаци æрæмбырд кæнæм, сбæрæг æй кæнæм æмæ анализ саразæм адæймаджы бартыл æмæ гендеримæ баст фарстæтыл. Адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг мæ къорды коллегæтæ абон сты Давидэ Моура, Люксембургæй æмæ тæлмацгæнæг Манана Гуырдзыстонæй.

***Цас рæстæг бахъæудзæн патрулир кæнынæн?***

Мæ патрулиркæнынад райсом 9 сахатæй байдайдзæн æмæ изæры 5 сахатыл фæуыдзæн. Иуæй-иу хатт, исты конкретон хæслæвæрд куы вæййы æмæ нæ куы бахъæуы фылдæр адæмимæ аныхас кæнын, цæмæй райсæм «уæрæх хуызист», уæд патрулиркæнынад гæнæн ис æмæ фылдæр рæстæгмæ адаргъ уа.

# Гендерон æмбарады рæзт Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы иумæйаг бæрндзинад у

*Гуырдзыстоны постконфликтон ситуацийы мониторингы рæстæджы, Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси сифтонг кæндзæн, цæмæй сылгоймæгтæ æмæ нæлгоймæгтæн уагъд æрцæуа æмхуызон консултацитæ, цæмæй хуыздæр æмбæрстгонд уа гуырдзиаг æхсæнады сæ хицæнгонд ролты æмæ гендерон æнмбарады ахадынад адæймаджы æдасдзинадыл, се хсæн тæрхондоны, хисæрмагонд, экономикон, æнæниздзинады, хæлцадон продукттæ æмæ æрдзхъахъхъæды æдасдзинад*

Гендерон æмбарад у Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы куысты бындур. Гендерон ролты æмæ æмахастыты хицæндзинæдтæ базонын æххуыс кæны миссийæн хуыздæр бамбара, цы хуызæн базиан кодта конфликт уыдонæй алкæмæндæр. Уый базоныны фæдыл, Мисси хъуамæ аныхас кæна куыд сылгоймæгтимæ, афтæ нæлгоймæгтимæ дæр, уый фæстæ та цæстæнгас хъуамæ санализ кæна хыгъдлæвæрд сцæттæ кæна. Ай у Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы алы къорды Фокусы фарста, се хсæн адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къорды




*«Гендерон фарстæты факторты æмæ гендерон æмбарады æрбиноныг кæнын Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæгон Миссийы иумæйаг бæрндзинад у. Гендерон фарстæты координаторты хызæг (ксел) æвдисы тынг зынаргъ ресурсы бынатыл нæ патрулон къордты æрвылбонон мониторинры мадзæлтты гендерон интеграцийæн. Æнæмæнгхъæуæгæ у системон тыхархайд нæ куысты гендерон перспективы æнтыстджынæй æмæ мидисджынæй интегриркæнынадæн: - алы æмкусæг дæр нысаниуæгджын роль хъуамæ æххæст кæна», - Сини Рамо, Миссийы уынаффæгæнæг гендерон фарстæтыл.*

ИНО-йы Ædасдзинады Советы резолюци 1325 – сылгоймæгты, сабырад æмæ æдасдзинады фæдыл уыцы хицæндзинæдты æрмæст нымадмæ нæ исы, зæгъæм куыд хъизæмар кæнынц устытæ, лæгтæ, лæппутæ æмæ чызджытæ конфликты тыххæй, фæлæ ма хъусын кæны, цæмæй иугæндзойнон сабырад æрмæстдæр уыцы цауы гæнæн ис æмæ уа, кæд æмæ сылгоймаг хайад исы уый тыххæй уагъд процессты. Евроцæдис æнæхъæнæй йæ фарс хæцы ацы резолюцйæн æмæ уымæ гæсгæ райста хисæрмагонд къухдариуæггæнæн принциптæ, се хсæн Евроцæдисы æдасдзинады æмæ хихъахъхъæды политикæйы Мисситæм сæ куырдиат, цæмæй æркæсой уыцы гендерон фарстытæм сæ куыстдзинады алы аспекты дæр. Ай нысан кæны анализ уымæн, æмæ цы ахадындзинад ис æрдæн адæймæгты домынæдтыл, расидæнтыл æмæ гæнæндзинæдтыл, гендерон компоненттæй ныппырхгонд бæрæггæнæнты æрæмбырд кæнынæн æмæ анализ скæнынæн, сылгоймæгты æмæ нæлгоймæгтæн æмбæлон фарстæты бацæттæ кæнынæн, æмæ уый ифтонгадæн, цæмæй Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы цæстдарæг къорд, кæцы ацы фарстæты æрывæрдзæн, æмæ йе сконды сты куыд сылгоймæгтæ афтæ нæлгоймæгтæ.

Гендерон фарстæты координаторты хызæг (ксел) раздзог æмæ регионалон офистæн къух аразы Миссийы масштабæй гендерон фарстæты сæйраг курсæн.



# Æууæнкдзинады сног кæнын ирригацийы æмæ административон арæнон хаххы цур хъæууон-хæдзарадон зæххы хæйтты бакуысты фарстæтыл

Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы Гуры регионалон офисы адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къорды сконды ис æндæр æмæ æндæр адæмы хатты æмæ фæлтæрддзинады 5 цæстдарæджы, уыдоны фæлтæрддзинад хауы ахæм сферæтæм: æхсæнадон æдасдзинад, æхсæнадæмон адæймаджы бартæ, балæууæндоны хъахъхъæд, хорз къухдариуæгад æмæ техникон фарсхæцынад æнæцудгæ уæвынадæн. Къордмæ хауы темты уæрæх спектры, се хсæн ис быцæуситдтæ, кæцыты раз лæууы бынæттон цæрджытæ Хуссар Ирыстоны административон арæнон хаххы акомкоммæ. Ардæм хауынц зæххытæ æмæ ирригацион дон.



Административон арæнон хаххы цур цæрæг цæрджыты 90%-ы баст у хъæууон хæдзарадыл. Уымæ гæсгæйæ, къорд фылдæр хъусдард здахы раст ацы фарстытæм. 2008 азы конфликты заманы сæрьезон негативон фæстиуæгтæ æрцыд административон арæнон хаххы дыуæ фарсæрдыгæй дæр цæрæг гоймæгтæн. Бирæ зæхкусæгæн йæ бон нæу бакуса уыцы зæххытæ, кæцытæ традиционæй пайда кодта хъæуы хæдзарады нысаниуæгмæ гæсгæ, æмæ кæцыйыл уыд баст уыдонæн сæ æфтиаг.

Къорд специализацион агентадтæн æмæ æнæхицауадон организацитæн зонгæ кæны йæ хатдзæгты æмæ аргълæвæрдты, се хсæн фырмæгуыры цауты тыххæй дæр. Фæстиуæгæн та, административон арæнон хаххы дыууæ фарсæрдыгæй æххуыс райстой цалдæр хæдзары бинонтæ.



Донхорыггæнæн дон иуæй-иу ахсджиагдæр фарст къордæн. Традиционæй донхорыггæнæн дон цыдис донхорыг ситемæйæ Хуссар Ирыстонæй Гуырдзыстоны хицауадырдыгæй контролгонд территорийыл. 2008 азы фæстæ бирæ масштабон системæ фескъуыдта йæ функционирукæнынад, цæй фæстиуæгæн дæр хъæууон-хæдзарадон зæххыты стырдæр территоритæ баззадысты æнæ донхорыггæнæн донæй.

*Мингай дыргъ-бæлæстæ бахуыс сты æмæ фермертæ фæивтой халсæрттты культурæты, кæцыты æрзайынæн бирæ дон хъуыди, уыцы халсæрттæй кæцыты къаддæр дон хъæуы, фæлæ ахæм культурæйы халсæрттæн сæ аргъ дæр къаддæр у. донæй пайда кæнын адæймаджы барты сæйрагдæр фарста у.*

Нысангонд донхорыг системæты иу хай арæзт æрцыд Гуырдзыстоны хицауады рдыгæй контролгонд территорийыл зынаргъ донцирæн системæты спайдагæнгæйæ. Аимæ иумæ, адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къорды ныфс ис, цæмæй къаддæр зынаргъ æмæ ноджы фидардæр гæнæндзинад чизоны агуырд æрцæуа инцидентты превенцийы æмæ сыл реагиркæныны механизмы фембæлдтыл арæзт дискуссийы фæстиуæгæн.

# Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси организаци кæны бынæттон æнæхицауадон организациты фембæлдтæн фæлтæрддзинады баивыны нысанæй

Зугдиды регионалон офисы адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къорды сконды ис 7 адæймаг. Уыдонæн ис æмхæццæ æмбæстагон æмæ полицион фæлтæрддзинад. Зугдиды къорды сæйраг хæслæвæрдтæй сæ иу у регулярон «информациимæ зонгæ кæныны фембæлдты» организаци кæнын, куыд фæткмæ гæсгæ, алы æхсæз – аст къуырийы мидæг иу хатт. Ацы фембæлдтæ бындуриуæг кæнынц æнгæс фембæлдтытæн, кæцытæ æппæты фыццаг уагъта Гуырдзыстоны ИНО-йы Цæстдарæн Мисси, кæцы этапгай ныууагъта бæстæ 2009 азæй. Адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къордтæ хайад исынц ацы нысаниуæгджын фембæлдты æмæ арæх фембæлын кæнынц къухдариуæгады дæр.




*«Мах тынг тыхсæм Абхазийы æмæ Хуссар Ирыстоны сабырады арæзтады гæнæндзинæдты къаддæрдзинады тыххæй. Уымæ æнæгъæсгæйæ, æмæ конфликты трансформацийы нысанæй бирæ хорз куыстытæ уагъд цæуы. Мах уынæм, цæмæй Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси серьезонæй тырны сабырадон уавæры бахъахъхъæнын», - æнæхицауадон организацийы минæвар информацийы баивды фембæлдыл Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы.*

*«2009 азæй Зугдиды нæ регионалон офис къухдариуæг кодта информацийы баивды 72 фембæлдæн нæ бынæттон партнертимæ æмæ хайадисæг æхсæнадæмон цымыдисгæнæг фæрстимæ иумæ, цахæм у Евроцæдисы специалон минæвары офис Хуссар Кавказы æмæ Гуырдзыстоны кризисы фарстæты æмæ Иугонд нациты тыхмийæ бынативд гоймæгты организаци. Ацы фембæлдтæ къух аразынц æрмæст нæ партнерты хсæн хуыздæр æмбарынад цæмæй уа, фæлæ ма нын дæтты уникалон гæнæндзинад, цæмæй Гуырдзыстоны цæрджыты базонгæ кæнæм Миссийы мандат æмæ куыстимæ», – Ева Проскова – Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы Зугдиды регионалон офисы хистæры хæдивæг.*

Алы фембæлдыл дæр вæййы 20-ы бæрц хайадисæг, кæцытæ 18-ы онг æнæхицауадон организацийы æвдисынц, æндæр æмæ æнæдæр регионæй.

Ацы фембæлдты нысан у информацийы баивын Ныгыуылæн Гуырдзыстоны райрæзгæ фæзындты тыххæй, кæцытæ актуалон сты æмбæстагон æхсæнадæн. Хайадисæг организацитæ равдисдзысты сæ цæстæнгасы сæ проектты, æхсæнады царды æмæ æрвылбонон расидæнты тыххæй.

*«Ацы фембæлдтыл нын бынæттон эксперттæ, æхсæнады алы фæлтæрæй, æххуыс нын кæнынц æргом æмæ ирд формæйæ, цæмæй хуыздæр базонæм бынатыл цæугæ фæзындты райрæзты æмæ адæмы цардыл сæ позитивон ахадындзинады тыххæй», - Пекка Матила, Зугдиды регионалон офисы адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къорды лидер.*






# Зугдиды базары нысаниуæгдзинад Галы цæрæг адæмæн

Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы нысæнтæй сæ иуæй-иу нысан у уыцы прогрессы мониторинг, кæцы æххæстгонд æрцыд административон арæнон хаххы дыууæ фарсæрдыгæй цæрæг цæрджытæн æдасдзинад æмæ нормалон царды сæндидзынæн. бирæ рабар-бабары хсæн, кæй зæгъын æй хъæуы, иуæй-иу у сæрибарæй æххæссын хæлцады продукттæм æмæ æндæр æнæмæнгхъæугæ дзаумæттæм.



Зугдиды базар Энгуры хидмæ 10 километрмæ æвваxс ис, кæцы у сæйраг ахизæн пункт Гуырдзыстоны хицауады рдыгæй контролгонд территорийы æмæ Абхазийы хсæн. Уыцы 2000 адæймагæй, кæцытæ æрвылбон рахизынц административон арæнон хаххыл, сæ фылдæр Зугдиды базармæ узæгуаты æмæ хæлцадон продукты æлхæнынмæ рахизынц. Уымæн æмæ нымад цæуы, цæмæй нысангонд продукци ам Галы базаримæ абаргæйæ асламдæр у. Базары уæйгæнджыты ныхасмæ гæсгæ, уыдонмæ фæлхасгæнджыты фылдæр Абхазийы цæуынц.

2019 азы, Абхазийы дэ-факто хицауады ʻрдыгæй Энгуры хидыл контролгонд рахизæн пункты дæргъвæтин периодæй рахизæнтыл æрæвæрд арæнвæрдты фæстиуæгæн фæзынди дзæвгар зындзинæдтæ, куыд базаргæнджытæн, афтæ фæлхасгæнджытæн. Базары уæйгæнджытæ тынг мæт кæнынц сæ фæлхасгæнджыты къаддæрдзинадыл æмæ кæй зæгъын æй хъæуы арæнвæрдмæ гæсгæ сæ æфтиагдзинад дæр цæхгæр фæкъаддæр ис. Галы цæрджытæ Миссийæн фехъусын кодтой, цæмæй уыдон Зугдиды базармæ, цæмæй зоной социалон-экономикон цауты райрæзты æмæ дыууæрдæм цæуыны «Адæймæгтæн хъуама уа бар, «Адæймæгтæн хъуама уа бар, сæрибардзинады тенденцитæ. Базаргæнджытимæ æмæ фæлхасгæнджытимæ дискуссийы фæстиуæгæн æрæмбырдгонд информаци уæрæх кæны Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы анализ æмæ конфликты фæстиуджыты тыххæй хыгъдлæвæрды.

***«Адæймæгтæн хъуама уа бар, рахизой хидыл æмæ уыцы регионмæ бацæуой, цыранмæ уыдон фæнды. Махæн хъуамæ гæнæндзинад уа, нæ продукциы транспротирдзинад Зугдиды æмæ Галы хсæн æнæарæнвæрдæй, - бынæттон цæрæг Зугдидæй***

# Гуырдзыстонæн ис алыхуызон этникон ландшафт



Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси йæ мандатмæ гæсгæ алы цауы райрæзтмæ лæмбынæгæй йæ цæст дары, уыдон æхсæн къаддæр хайы къордтæм дæр, цыран социалон экономикон хайадист арæнгонд у фæлæ æддагон ахадындзинад та бæрзонд у. Уымæ æнæгæйсгæйæ, æмæ Мисси хорз зындгонд у, фылдæр гуырдзиагæвзагон цæрджытæй цæрæг территорийыл, Гуырдзыстоны æндæр регионты мидæг адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къордтæн фылдæр тых хардз цæуы бамбарын кæнынæн сæ хæслæвæрдты фæдыл, сæ куысты фæдыл æмæ иумæйагæйдæр Гуырдзыстоны Евроцæдисы Миссийы ролы бамбарын кæнынæн. Куыд азербайджайнаг, афтæ сомихаг æхсæнадты мæгуырдзинад арæх нæ дæтты уый фадат, ацæуой сæхи хъæуæй иннæ фарсмæ æмæ гуырдзиаг æвзаг нæ зонын та сæ къуылымпы кæны æххæстаргъон хайадист гуырдзиаг социалон æмæ политикон царды мидæг. Ацы абаргæ изоляцимæ гæсгæ, азербайджайнаг æмæ сомихаг темты цæрæг бирæ адæймагмæ нæй æххæст информаци 2008 азы конфликты тыххæй, кæнæ сын ис хицæнгъуыз цæстæнгас йæ расайгæ аххосæгты æмæ фæстиуджытыл, кæцы сæйрагдæр у гуырдзиаг æхсæнады рапарахатгонд.

Ацы дихотоми арæх парахат цæуы бæстæйы иннæ территорийыл уæвæг политикон уавæрыл æмæ тыхджын кæны, хъуыддаг Хусар Ирыстонмæ æмæ Абхазийы территоритæм куы фæхауы.

*Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси фæфылдæр кодта йæ куысты уынынад къаддæр хæйтты ареалы уæлдайдæр та азербайджайнаг æмæ сомихаг темты.*

# Сабитæ уроктæм ацæуынæн рахизынц административон арæнон хаххæй

Скъоламæ цæуын алыхатт æнцон нæу. Иуæй-иутæн райсом рæстæгыл сыстын зын вæййы скъоламæ бацæуынæн. Административон арæнон хаххы кæнæ контролон удадзæн пункты уæвынад дæу æмæ де скъолæйы хсæн ноджы фылдæр вазыгджын кæны. Зугдиды регионалон офисы адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къорд кусы уый тыххæй æмæ, цæмæй сабитæн сæ бон уа минималон къуылымпыимæ ахизын Адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къорд Зугдиды регионалон офисы уæлдай хъусдард здахы ахуырады барадмæ æмæ скъолæйы ахуырдзаутæн административон арæнон хаххæй ахызты хъæугæдзинадмæ, цæмæй уыдон сæ мадæлон æвзагыл райсой ахуырад.



*«Административон арæнон хаххы дыууæ фарсæрдыгæй цæрæг цæрджытæн æдас æмæ нормалон царды сног кæнын, се хсæн алы сабийы барад райсой ахуырад мадæлон æвзагыл, у Миссийы мандаты сæйраг элемент. Ай у адæймаджы барад!» - Тинеке Рилаерт, Зугдиды регионалон офисы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къорды лидеры хæдивæг.*

2016 азæй абоны онг цъусæй-цъусдæр кæны ахуырдзауты нымæц (Сабидонæй 12-æм къласы онг), кæцытæ æрвылбон рахизынц административон хаххæй скъоламæ цæуынæн. 2009-2010 азты æрвылбон 128 сабийы цыдис скъоламæ. 2016-2017 азты ацы бæрæггæнæнтæ фæкъаддæр сты 39-ы онг, фæлæ 2018 азы ацы бæрæггæнæнтæ уыдысты æрмæст 21-онг. Административон арæнон хаххы акомкоммæ фылдæрæй-фылдæр æмбондты аразын æмæ 2016-2017 азты дыууæ ахизæн пункты сæхгæд къух сарæзта ахизджыты нымæц фæкъаддæрæн.

Иннæтæ та сæ бинонтимæ иумæ цæрынмæ ацыдысты Гуырдзыстоны хицауады рдыгæй контролгонд территоримæ.

Сабитæ, кæцытæ æрвылбон хизынц административон арæнон хаххыл райсомæй ныууадзынц сæ хæдзар Абхазийы æмæ рахизынц административон арæнон хаххыл Сабериойы контролгонд ахизæн пункты цурмæ, кæцыйы уырыссаг арæнгæстæй у комплектгонд. Стæй уырдыгæй сабитæ ацæуынц автобусыл, цæмæй Гуырдзыстоны хицауады рдыгæй контролгонд территорийыл скъоламæ бацæуой. Уроктыфæуды фæстæ та фæстæмæ автобусыл сбадынц æмæ рацæуынц уыцы контролгонд рахизæн пункты цурмæ, цæмæй фæстæмæ аздæхой сæ хæдзармæ. Регионалон офис йæ цæст дары сабиты балцмæ æмæ регуляронæй цæуы Сабериомæ, цæмæй йæ хъус дара куыд ахизынц уымæ. Цæстдарджытæ ма афтæ ноджы дæр фæныхас кæнынц скъолæйы директортимæ уроктæм куыд цæуынц уый фæдыл, цæмæй сбæрæг кæной цы къуылымпыдзинад хъыг дары сабиты скъоламæ цæуынæн.

Æндæр скъолæйы ахуырдзаутæ æмæ студенттæ административон арæнон хаххæй къаддæр арæхдзинадæй рахизынц. Зæгъæм, уыдон ахуыр кæнынц скъолæйы, профессионалон колледжы кæнæ университеты Зугдиды кæнæ Тбилисы, фæлæ цæрынц иумæйаг цæрæндоны кæнæ сæ бинонты уæнгтимæ иумæ Гуырдзыстоны хицауады рдыгæй контролгонд территорийыл. Уыдон æрмæст сабат-хуыцаубон кæнæ скъолæйы Улæфтыты рæстæджы æрбаздæхынц.




Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси регуляронæй адæтты ног информацийы Евроцæдисы уæнг паддзахæдтæн æмæ институттæн Абхазийы æмæ Хуссар Ирыстоны скъолæйы ахуырдзауты уавæры ситуацийы фæдыл. Мисси йæ фарс хæцы гуманитарон ахасты алы гæнæнуæвæг инстанци æмæ форумæн, уыдон æхсæн Инцидентты превенцийы æмæ сыл реагиркæныны механизмы фæлгæтты фембæлдтæн æмæ Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы рдыгæй оперативон тæвд хаххы æххуысæй, къух аразы сабитæн дыууæрдæм цæуыны сæрибардзинадæн, цæмæй сæ мадæлон æвзагыл райсой ахуырад.



# Нæ цæстдарджытæ регуляронæй æмбæлынц тыхфæлгъуыдæй бынативд гоймæгтимæ

Мцхетæйы регионалон офисы адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къорды ис 9 цæстдарæг. Кæд æмæ дзы цалдæрæн æфсæддон æмæ плицæйон фæлтæрддзинад ис, уæддæр уыдонæн сæйраг æмбæстагон фæлтæрддзинад у. Къорд ныхас кæны æмбæстагон æхсæнады организацитимæ, бынæттон хицауадимæ æмæ æндæр интстутуттимæ æмæ гоймæгтимæ адæймаджы æдасдзинады фарстæты мониторинджы фæлгæтты мидæг, уыдон æхсæн бынативды сæрибардзинадыл, тыхфæлгъуыдæй бынативд гоймæгты бартыл æмæ æрвылбонон æндæр проблемæтыл, æнæхъæнæй Скæсæн Гуырдзыстоны территорийыл.



«Кæд суыдзæн нæ бон фæстæмæ нæ хæдзæрттæм æрбаздæхын?» Æвæццæгæн æппæтæй вазыгджындæр ацы фарст у, кæцыйы нæ адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг исынц патрулиркæныны рæстæджы. Мцхетæйы регионалон офисы адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къорд регуляронæй бæрæг кæны æппæтæй стырддæр цæрæнуæтты, цыран цæрынц адæймæгтæ, кæцытæн нæу сæ бон сæ хæдзæрттæм æрбаздæхын Гуырдзыстоны уæвæг конфликты тыххæй – Цъеровны, Цъилкъаны æмæ Пърезеты. Къорды цæстдарджытæ ма ноджы арæх бабæрæг кæнынц афтæ кæй хонынц «Коллективон центрты» - бæстыхæйттæ, кæцытæ цæрынæн нæ уыдысты арæзт, фæлæ сæ ныр цæрынц тыхфæлгъуыдæй бынативд гоймæгтæ – ацы нысангонд бæстыхæйттæ сты Тбилисы æмæ регионты æппæт Гуырдзыстоны масштабæй. Тыхфæлгъуыдæй бынативд гоймæгтимæ ныхас кæнгæйæ мах хъуыздæр бамбарæм уыдонæн сæ разы цы проблемæтæ лæууы уыдон тыххæй.



Иуæй-иу хатт цæстдарджыты хæдзармæ фæхонынц уыцы адæймæгтæ, кæцытимæ уыдон фæныхас кæнынц патрулир кæныны рæстæджы. Гуырдзиаг уазæгуарзондзинад хæларзæрдæ æмæ æргомзæрдæ у. адæймаджы æдасдзинады фарстæтыл кусæг къорды уæнгтæ вæййынц къуырæнбонбоны дæр, чындзæхсæвы дæр æмæ мæрддзыгой дæр - æмæ фехъуыстой бирæ хъыгаг хабæрттæ сæ хæстæджыты тыххæй, кæцытæ фæзиан сты административон арæнон хаххы иннæ фарс æмæ кæцыты æвæрæн боны уыдонæн сæ бон нæ баци бацæуын. Ацы визиттæ ноджы фадат дæттынц цæрджытæн раттой фарстытæ нæ куыстыл æмæ Гуырдзыстоны Миссийы куысты фæдыл.

## Миссийы къухдариуæджы курдиат



*«Мисси рахицæн кæны ресурстæ адæймаджы æдасдзинады фарстæты мониторингæн, кæцы физикон зианы тасæй бахъахъхъæныны фæлгæттæй уæлдæр у æмæ вæййы, зæгъæм мæгуырдзинады фарстæйы, бынативды сæрибардзинады уæвынады æмæ æнæнииздзинад хъахъхъæныны лæггæдтыл æнцонвадатдзинад. Нысаниуæгджын у уый, æмæ Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæг Мисси дарддæр кæны деталон информацийы дæттын ахæм цауты тыххæй, регионты йæ къордты æмæ Тбилисы раздзог офисы экспертты куысты æххуысæй. Ацы уынаффæты исæг гоймæгтæн Евроцæдисы æмæ Евроцæдисы сæйраг горæтты фадат дæтты цæмæй уой информиргонд бынатыл уæвæг проблемæты тыххæй. Иуæй-иу цауты, ма нын ис махæн фарсхæцыны роль æмæ коммуникацийы роль æмгуыстады къухарæзтæн, кæцы у проблемæты алыг кæныны амал бынæттон цæрджытæн, кæцыты бартæ æмæ уæвынад æлхъывд цæуынц. Мах ахæм фарстæты скъуыддзаг кæнæм Евроцæдисы Цæстдарæг Миссийы рдыгæй опериргонд тæвд хаххы, Инцидентты превенцийы æмæ уыдоныл реагир кæныны механизмы фембæлдты æмæ æндæр æмбæлон форматты æххуысæй», - Эрик Хог, Миссийы къухдариуæггæнæг, Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæг Мисси.*

European Union Monitoring
Mission in Georgia

www.eumm.eu

Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæг Мисси (EUMM) у Евроцæдисы иунæг-иу ныртæккæ архайæг Мисси, кæцы специалонæй лæвæрд цæуы мониторингы тыххæй. 2018 азы 3-æм декабры Европæйаг Совет адарддæр кодта Миссийы мандат 2020 азы 14-æм декабры онг.
Æмб. Эрик Хег (Дания) у Миссийы къухдариуæггæнæг. Раздæр ацы куыст æххæст кодтой Кястутис Янкаускас (Литва), Тойво Клаар (Эстония), Анджей Тышкевич (Польшæ) æмæ Хансйорг Хабер (Германи).

Ныммыхуыр æй кодта Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæг Мисси
Контактон информаци: press@eumm.eu
• Дез Дойл, пресс-Спикер
• Уильям Бойд, æхсæнадимæ æмахастыты æмæ Медиайы минæвар
• Нино Сухиташвили, æхсæнадимæ æмахастыты æмæ Медиайы минæвар/Медиа монитор
• Тамта Мегрелидзе, æхсæнадимæ æмахастыты æмæ Медиайы минæвар/Медиа монитор
Нæ сайт у:www. eumm.eu, афтæ-ма www.facebook.com/eumm.geo, https://www.instagram.com/eumm_georgia/ æмæ www.flickr.com/photos/eeas csdp/albums/72157677976230403